# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 नवम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

काशी क विश्व प्रसिद्ध देव दीपावली बिहने धूम–धाम से मनावल जाई। उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ देव दीपावली के भव्य अउर दिव्य आयोजन क साक्षी बनिहें। देव दीपावली के लेके काशी के घाटन अउर सरोवरन के दुल्हन के तरियन सजावल जा रहल हौ। देव दीपावली में सामिल होखे बदे बढ़हन संख्या में पर्यटकन क काशी आइल सुरू हो गइल हवे। देव दीपावली के आयोजन में सामिल भइले के सथहीं उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ विश्व स्तरीय सुविधा वाले खूबसूरत नमो घाट क लोकार्पणों करिहें। जल, थल अउर नभ से जुड़े वाला ई पहिला घाट होई जहवां हेलीकापटरों उतारल जा सकेला। नमो घाट पर फ्लोटिंग सीएनजी स्टेशन, ओपन एयर थियेटर, कुंड, फ्लोटिंग जेटी पर बाथिंग कुंड आ चेंजिंग रूमों बनावल गइल हवे। ई बनारस क पहिला घाट है जेके दिव्यांगजन के हिसाबि से बनावल गइल हौ।

**********

डोमिनिका प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अपने सर्वोच्च राष्ट्रीय सम्मान से सम्मानित करे क घोषणा कइले हवे। कोविड महामारी के दौरान राहति उपलब्ध करावे अउर दून्नों देसन क साझेदारी मजबूत कइले में जोगदान बदे प्रधानमंत्री मोदी के डोमिनिका अवॉर्ड ऑफ ऑनर से सम्मानित कइले क फइसला लिहल गइल हवे। डोमिनिका क राष्ट्रपति सिलवेनी बर्टन गयाना में ओन्नइस से एक्कीस दिसंबर ले आयोजित होखे वाले कैरिबियाई समुदाय अउर साझा बाजार शिखर सम्मेलन में ई सम्मान दीहें।

**********

उत्तर प्रदेस पीसीएस प्रारंम्भिक परीक्षा दुइ हजार चौबीस अउर आरओ–एआरओ दुइ हजार तेइस क परीक्षा एक दिन अउर एक्के पाली में करवले के मांग के लेके प्रतियोगी छात्रन के प्रदर्शन के बिच्चे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के पहल पर उत्तर प्रदेश लोकसेवा आयोग आजु छात्रन के हित में पीसीएस प्रारंम्भिक परीक्षा दुइ हजार चौबीस के एक दिन में करवले क फइसला लिहले हवे। एकरे सथहीं आरओ–एआरओ दुइ हजार तेइस क परीक्षा पर फइसला बदे आयोग की ओरि से समिति क गठन कइल गइल हवे। ई समिति सज्जों पहलूअन पर विचार कई के जल्दिये आपन रिपोर्ट पेस करी। उल्लेखनीय हवे कि मुख्यमंत्री आयोग के छात्रन के साथे संवाद अउर समन्वय बनाके जरूरी फइसला लेवे क निरदेस दिहले रहले।

**********

आवे वाला आठ दिसंबर के प्रस्तावित यूपी उच्च न्यायिक सेवा परीक्षा–दुइ हजार तेइस अगिल सूचना ले टाल दिहल गइल हवे। इलाहाबाद हाई कोर्ट के रजिस्ट्रार जनरल की ओरि से काल्हि जारी पत्र के हिसाबि से ई परीक्षा अपरिहार्य प्रसासनिक कारण से टारल गइल हवे।

**********

कृषि भारत मेला दुइ हजार चौबीस क आयोजन बिहने से अट्ठारह नवबंर ले लखनऊ के वृंदावन योजना मैदान में होई। प्रदेस में कृषि अउर पसुपालन क्षेत्र में नया तकनीकि क बढ़ावा देवे अउर उत्पादन के बढ़वले खातिर आयोजित होखे जा रहलि येह चारि दिवसीय मेला क उद्घाटन बिहने मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। येह मेला मे प्रदेस भर के करीब एक लाख किसानन के जुटले क अनुमान लगावल जा रहलि हौ। मेला में कृषि उद्योग से जुड़ल देस अउर दुनिया के दुइ सौ उद्यमी अपने उत्पाद अउर तकनीक क प्रदर्सनी लगइहे। येह आयोजन में नीदरलैंड्स के साझेदार देस के रूप में सामिल कइल गइल हवे। नीदरलैंड्स से आइल विसेषज्ञ अउर आपूर्तिकर्ता अपने आधुनिक कृषि उपकरण अउर तकनीकी क प्रदर्सन करिहें। येह से प्रदेस के किसानन के अंतराष्ट्रीय स्तर क तकनीकि से रूबरू भइले क मौका मिली। कृषि उत्पादन आयुक्त, मोनिका एस गर्ग बतवलिनि कि मेला में पराली प्रबंधनों पर खास जोर दिहल जाई।

**********

केंद्रीय ऊर्जा मंत्री मनोहर लाल खट्टर आजु लखनऊ में आयोजित **डिस्ट्रीब्यूशन यूटिलिटी मीट–दुइ हजार चौबीस** क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर पत्रकारन से बतियावत उहां के कहलीं कि जवन राज्य सरकार विद्युत उपभोक्ता लोगिन के सब्सिडी नाही दे रहल हवे ओनके ऊपर कुछ प्रतिबंध लगावल जा रहलि हवे। केन्द्रीय ऊर्जा मंत्री कहलें कि सरकारी विभागन के बिना मीटर के बिजुली नाही दिहल जाई। येह मौका पर प्रदेस सरकार क ऊर्जा मंत्री ए के शर्मो मौजूद रहलें।

**********

जेएसएस एकेडमी ऑफ हायर एजुकेशन एंड रिसर्च मैसूर, कर्नाटक क पूर्व कुलपति डाक्टर सुरिंदर सिंह महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय गोरखपुर क नया कुलपति होइहें। ओनकर चुनाव विश्वविद्यालय क कुलाधिपति अउर उत्तर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कइलें हवे। डाक्टर सिंह, वर्तमान कुलपति मेजर जनरल डाक्टर अतुल वाजपेयी क जगहि लिहें जिनकर कार्यकाल बिहने पूरा हो रहल हवे। नया कुलपति डाक्टर सुरिंदर सिंह भारत सरकार क औषधि महानियंत्रको रहि चुकल हवे।

**********

अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद के सत्तरवें राष्ट्रीय अधिवेशन क आयोजन बाइस से चौबीस नवंबर ले गोरखपुर में होई। परिषद क राष्ट्रीय महामंत्री याज्ञवल्क्य शुक्ल बतउलें कि अधिवेसन क उद्घाटन जोहो कॉर्पोरेशन क मुख्य कार्यकारी अधिकारी श्रीधर वेम्बू करिहें।

**********